

Chè Paran/Responsab Legal Marie,

Nou kontan ba ou rapò sa a sou rannman Marie nan Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT) nou te bay nan prentan 2018 pou tout Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learner, ELL)/Elèv k ap Aprann Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL). Rezilta egzamen sa a bay yon fason pou konprann devlopman elèv la nan Lang Anglè. Men, nòt sa yo pa endike tout sa Marie konnen ak sa li kapab fè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, nòm Eta New York yo, ak fason ou kapab ede Marie, ale nan: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources>

NIVO KONPETANS MARIE NAN LANG ANGLÈ AP DEVOPE
NIVO KONPETANS MARIE NAN LANG ANGLÈ ANE PASE TE NAN TRANZISYON

TOTAL ECHÈL
REZILTA MARIE



MATYÈ/MODALITE KONPETANS NAN LANG ANGLÈ

TANDE

Elèv yo tandè pou yo detèmine enfòmasyon yo ak pou devlope lide nan diskisyon akademik ki nan nivo klas yo.



Nivo echèl nòt sa yo varye ant 30 ak 90

Tanpri konnen elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividalize (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Aranjman Seksyon 504 (Plan 504) ki endike yo dwe li tès awotwa pou yo dwe resevwa aranjman pou tès sa a pou tout sou-sijè yo, ankontan Lekti, dapre presizyon ki nan Plan IEP/504 la.



POU KORE SIKSÈ MARIE

Kontakte pwofesè Marie epi mande nan ki
NRQSHWDQV 0DULH JHQ SOLV GL

Mande lekòl ou kijan ou pral resevwa rapò
regilyèman sou pwogrè Marie.

Si sa nesèsè, mande sèvis sipò pou elèv tankou
konsèy oswa gid nan lekòl pou pale sou fason
pou ede Marie gen plis siksè.

Egzamine devwa nan klas ak devwadmezon
yo ak Marie pou wè kijan konpetans Marie ap
pwogrese.

Elèv ki fè nòt nan nivo Antre, Emèjan, Tranzisyon, ak Devlopman ap kontinye resevwa sèvis ELL/MLL nan ane
lekòl 2018-2019 la. Pou pale pou sèvis ELL/MLL yo kontinye pou Marie, tanpri kontakte administrasyon lekòl
Marie a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ELL/MLL Marie ta dwe resevwa, ale nan
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state>.

LÒT RESOUS

Gid pou Paran yo pou Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (NYSESLAT) ak Tès
, GDQWLÀNDV\ RQ (WD 1HZ <RUN SRX (/ / 0// 1HZ <RUN 6WDWH , GHQWLÀFDWLRQ 7L
Tiliv sa yo ap ba ou enfòmasyon enpòtan sou NYSITELL ak NYSESLAT. Yo eksplike pou ki rezon ak kijan yo bay tès yo epi
kisa diferan nivo konpetans yo vle di.

Pou enfòmasyon sou NYSITELL ak NYSESLAT: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>

Deklarasyon Dwa Paran Elèv k ap aprann Lang Anglè

Pou asire yo byen sèvi ELL/MLL yo, li enpòtan anpil pou gen yon kominote kote paran, responsab legal ak lòt moun ki gen wòl
paran yo gen enfòmasyon ak kapasite. Deklarasyon Dwa Paran yo bay rezime dwa esansyèl konsènan aksè nan edikasyon
ak pwogram pou ELL/MLL yo ak paran yo. Dwa enpòtan sa yo rezime sou yon fòm yon paj ki fasil pou sèvi kòm referans epi
yo tradui nan dis lang. Deklarasyon Dwa Paran yo gen ladan tou enfòmasyon sou fason ou kapab kontakte liy dirèk Biwo
(GLNDV\ RQ %LOHQJ DN /DQJ 0RQG\DO 2IÀFH RI %LOLQJXDO (GXFDWLRQ DQG :RU
oswa enkyetid.

<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents/parents-bill-rights-new-york-states-english-language-learnersmultilingual>

Liy dirèk pou Paran Elèv k ap Aprann Lang Anglè (1-800-469-8224)

Resous sa a, ke Rezo Resous Rejyonal Edikasyon Bileng Eta New York dirije, sèvi kòm yon fason pou paran ELL/MLL yo ak
moun ki gen wòl paran yo mande enfòmasyon sou dwa yo genyen ak sèvis yo founi pou timoun yo dapre règleman Eta a.
Grasa yon sitwèb ak liy telefòn ki la pou sa preziman, ou ka mande ransèyman epi jwenn repons nan dis lang ELL/MLL yo
pale plis nan Eta New York.